



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAL VOYE PAKE 'NEW YORK CARES' BAY PREZIDAN TRUMP AK PREMYÈ DAM LAN**

**Pake fè mye a gen ladan pòm ki sòti nan Nò New York, bagels Vil New York, gato fwomaj Junior's, zèl poul Dinosaur BBQ ak sid pòm**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke l ap voye yon pake fè mye "New York Cares" bay Prezidan Trump ak Premyè Dam lan Melania Trump apre nouvèl ki te di yo trape nouvo kowonaviris la. Pake swen an ap gen ladan pòm fre ki sòti nan fèm nan Nò New York, bagels ki sòti Vil New York, gato fwomaj Junior's, zèl poul Dinosaur BBQ ak sid pòm.

"Nou ka gen diferans politik, epi pèp la konnen mwen gen diferans politik ak Prezidan an, men nou tou de se Nouyòkè, kidonk nou pa timid pou bay opinyon nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sitiyasyon sa a kreye anpil anksyete. Mwen te pase sitiyasyon sa nan fanmi mwen, epi mwen sèten ke timoun li yo ak fanmi li enkyè. Kidonk, nan non fanmi New York la, mwen swete yo yon retablisman rapid epi yo nan panse ak priyè nou. Epi nou pral voye pake New York Cares la bay Prezidan an ak Premyè dam lan, jis pou ba yo konfò pandan y ap pase moman difisil sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)